République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Tànk-ndànk 1

## Wolof

2018

©

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant : https://creativecommons.org/

# Li téere bi ëmb

Ekool ubbi na. .......... 4

Ci ëttu ekool bi .......... 12

Sama téere .......... 20

Sunu madam .......... 28

Lamin sunu góol .......... 36

# Ekool ubbi na



Nafi dafa léttu.





Badu moom dafa watu.



Badu ak Nafi sol nañu dàll.



Seen col rafet na lool.



Ñu dugal seeni téere.



Ku ne boot na sa saag.



Ñu gaawtu jëm ekool.




Ekool ubbi na.

# Ci ëttu ekool bi



Muse Ba dóor na kolos bi.




Madam Jara ubbi na kalaas bi.




Nu daw génn tas ci biti.



Ñii dañu toog, ñee di fo.



Faatu ak Sali toog di wure.



Abu ak Siidi di bëre.




Madam Taal moo di wattu.



Kolos bi riiraat na,nu dellu.

# Sama téere





Sama téere dafa rafet.




Mari ak Badu la tudd.





Ubbi naa ko di seetaan.




Am na nataal aki araf.




Lii garab la.



Lëg moo nekk nii.



Sunu madam nee na warul tilim.



Dinaa sàmm sama téere.

# Sunu madam



Sunu madam dikk na.



Sol na robb bu rafet.




Mu gàddu saag bu ñuul.



Toog na ci siis bi.




Nu ni cell di ko déglu.




Dafa jël benn téere wone ko.



Nun itam nu jël sunu bos.




Ci bésu nafar la nu ne.


# Lamin sunu góol



Sunu ekool dafa doon futbal.



Lamin moo di sunu góol.



Lamin moom beeke la ame.



Teewul góolu rekk la mën.



Faatu sunu arbit teg nanu daan.



Póol tulli bal bi ak doole.



Lamin fél ko aki beekeem.



Nu raw gàddu benn ci tus.